

**VYOSE  
WOMENYA  
KU KWIPIMISHA  
KWA...**

# VIH

(umugera wica abasirikare b'umubiri)

# VHC

(ingwara y'igitigu ya hepatitis C)

# IST

(ingwara zandurirwa mu mibonano mpuzabitsina)



## VIH ni iki?

VIH ni umugera (virisi) itera abasirikare b'umubiri. Iyo VIH itavuye, irica abasirikare b'umubiri mu kwica utunyangingo twose tujejwe kurwanya imigera y'ingwara. Ingaruka zo kutivuzza iyo VIH zishobora gushika ku rupfu.

## VHC ni iki?

VHC ni umugera (virisi) itera igitigu. Igitigu gifasha umubiri mu gutunganya ibifungurwa, gukura ubucafu mu mubiri, no kuzibira iyo amaraso atanguye kuva. Iyo ingwara ya VHC itavuye ishobora gutuma urwara igitigu (ibisebe ku gitigu), kansere y'igitigu, maze n'urupfu.


## IST ni iki?

IST ni ingwara zandukira ziva ku muntu umwe zija ku wundi mu gihe co guhuza ibitsina imbere, mu gisusu, canke mu kanwa. IST zitandukanye zifata ibice bitandukanye vy'umubiri. Zishobora guteza ingwara zikomeye zishobora no guhitana umuntu.

## Ni nde ategerezwa kwipimisha VIH, IST, na VHC?

**KWIPIMISHA NIYO  
NTAMBWE YAMBERE**

**KANDI NYAMUKURU**



**Ukwiye kwipimisha mu gihe uhuje ibitsina n'umuntu mushasha**

**Ni waba waratizanyije ibikoresho bitobora uruhu canke ukoresha ibiyovyabwenge ukwiye kwipimisha VIH na VHC.**

**Abantu bakuze bose bakwiye kwipimisha VIH na VHC n'imiburiburi rimwe mu buzima.**

*Bivanye n'ukuntu bigenza, abantu bamwe bamwe bakuze bakwiye kwipimisha kenshi kurusha abandi.*

100%



## Umuti wa VIH

Umuti wa VIH urakora neza cane ku buryo ushobora kugabanya urugero rw'umugera mu mubiri gushika aho imigera idasubira no kuboneka ku bipimo.

Umuntu afise umugera wa VIH utakiboneka ku gipimo ntashobora kwandukiza VIH uwo bahuje ibitsina.

**Bizwi nka**



## Umuti wa VHC

Umuti wa VHC urakora neza cane kandi ushobora kuba woroshe nko gufata ibinini buri muni mu ndwi nka 8-12.

Abantu benshi nta ngaruka bagira canke ingaruka nke ku magara yabo ziva ku miti.

Ibice 95% vy'abantu bavurwa VHC barakira!

## Umuti wa IST

IST zitewe n'imigera y'udukoko nk'imitezi, mburugu, n'isofisi zishobora zishobora kuvurwa zigakira n'umuti wa antibiyotike. IST zitewe na virisi zishobora kuvurwa ibimenyetso bikagabanuka, ariko ntizikira. Umuganga arashobora kugufasha kuvura IST ziva ku ma virisi ukagumana ubuzima bwiza!

**VYOSE  
WOMENYA KU  
KWIKINGIRA**

# VIH, IST, na HVC

**Hariho uburyo bwinshi bwo kwikingira VIH, IST, na VHC.  
Rondera ubwo woshobora gukoresha!**



## Agakingirizo gakingira VIH, IST, na VHC

Gukoresha agakingirizo kambarwa inyuma canke imbere, hamwe na/canke ibikingira umunwa buri gihe uhuje ibitsina bishobora kugabanya cane imikoshi yo kwandura VIH, IST, na VHC zica mu bitsina.

## PrEP ikingira VIH

PrEP, canke umuti ufata imbere yo kwandura, ni umuti abantu bafata kugira birinde kwandura VIH mu gihe bahuje ibitsina (ukora neza kuri 99%) canke urushinge (rukora 74%).



## umuti wa PEP ukingira VIH

PEP, canke umuti ukoresha umaze guhuza ibitsina n'uwanduye, ni umuti ufata mu masaha 72 inyuma yo kwikeka ko waryamanye n'uwanduye VIH kugira wirinde ko iguma mu mubiri. Ukwo uwufata udatevye, ni nakwo ugira inguvu mu kugukingira.



## Inshinge mu gukingira HIV, IST, na VHC

SSP, umugambi wo gutanga inshinge, utanga inshinge zitanduye ku bantu bitera inshinge z'ibiyovyabwenge kugira birinde kwandura ingwara. Kandi akenshi uwo mugambi uranafasha mu bikorwa vyo kwikingira no kwivuza navyo nyene!



## Umuti wa Doxy PEP ukingira IST

Umuti wa Doxy PEP, canke doxycycline ikoreshwa inyuma yo kuryamana n'umuntu arwaye, isaba ko ufata doxycycline (umuti) mu masaha 72 inyuma yo guhuza ibitsina n'uwanduye ata gakingirizo kugira wikingire isofisi, imitezi, na mburugu.



## Ni hehe nokura abamfasha?

Ganiriza umuganga wawe ku vyerekeranye no kwipimisha no kwivuza!

Ibisata vy'ubuvuzi vy'aho ubaye navyo birapima ku buntu kandi mw'ibanga ingwara za VIH, VHC, na IST. Ibisata vy'amagara y'abantu vyose biravura ingwara za IST kandi vyinshi muri vyo biranavura VHC na VIH!

**Sikana canke ufyonde ubone ahakorera igisata c'amagara y'abantu kiri hafi yawe!**

**GANIRA. IPIMISHE.  
IVUZE.**

